THE ENGINE ROOM

Zvitupa Zve Digital MuZimbabwe

https://www.digitalid.theengineroom.org

Chirevo kana pfupiso iyi iri pamusoro petsvakiridzo ye Engine Room ichiwana rubatsiro kubva ku Omidyar Network, Open Society Foundations ne Yoti Foundation kubva mu Gumiguru 2018 kusvika muna Zvita 2019.

Vatsvaki : Chenai Chair and Koliwe Majama
Munhu weku shongedza tsvakiridzo: Sophia Swithern
Kunyora: Sara Baker, The Engine Room
Ongororo nekugadzirisa zvinyorwa: Zara Rahman, Sivu Siwisa and Laura Guzman, The Engine Room
Kududzira: Global Voices

Kurongeka kwe dhizaini: Salam Shokor
Zvinyorwa zveiri basa zvine rezinesi iri pasi pe Creative Commons Attribution-Share Alike 4.0 International rezinesi. Kuti uwone kopi ye rezinesi iyi, enda pa http://creativecommons.org/licenses/by-sa/4.0/."

Nhanganyaya

Mugore ra 2019, Engine Room yakasevenza nevaongorori vemunyika dzematunhu mashanu pakutsvaga kuzwisisa maDigital ID systems. Chinangwa chakange chiri chokunzwisisa kuti maDigital ID systems anorevei kuvanhu vemunharaunda dzaanoshandiswa.
Ongororo yemuZimbabwe yakava nebvunzurudzo sere dzaisanganisa kutsvaga ruzivo kune vanoshanda mumabasa akasiyana-siyana zvichisanganisa vemuhurumende, nevanoshanda mumabasa emumasangano anomirira kodzero dzevanhu akasiyanasiyana [civil society]. Ongororo yakabatawo mibvunzo kuzvipoka zvitanhatu zvaive nevanhu vaibva kwakasiyanasiyana kusanganisira vashandi vemumapurazi, vamirriri vevagari vemudhorobha, uyewo vechikwata chevanozvisarudzira kuva munhurume kana munhukadzi, vatinoti maTransgender. Ongororo iyi yakaitwa mumwedzi yaKurume na Kubvumbi [March and April] mugore ra 2019. Mashoko ose kubva kuvanhu vakakurukurwa navo akabva mukutaura navo munguva iyoyi munyika yeZimbabwe . Zvizhinji pamusoro pemaitirwo uye gwara rakashandiswa pakuitwa tsagurudzo iyi zvinowanikwa muchinyorwa cheglobal report.[1]

Nekuda kwehurongwa hweHurumende yeZimbabwe hwekugadzira digital ID system inenge yakabatana nezvekuchengetedzwa kwenyika, veEngine Room vakatambanudza ongororo iyi kuti ibatewo mafambisirwo matsva esarudzo dzemutungamiriri wenyika, vamirriri veparamende uyewo vemakanzuru, inonzi biometric voter registration [BVR]. Zvikwata zvaisangana nemibvunzo yakasiyanasiyana maererano nezve BVR. Vakabunzwawo zvakanangana nezvekutsvagwa kweruzivo pamusoro pevanhu kuchishandiswa chitupa cheDigital, uyewo mafungiro avo pamusoro pekuchengetedzwa kweruzivo rwakavanzika pamusoro pevanhu, kunyanya zviya zvavasingade kuti zvizivikanwe nemunhu wese.

Tsvagurudzo iyi inechinangwa chokunzwisisa zvinosanganikwa nazvo nevanhu mukurarama, kwete kuratidza kuti pfungwa dzezvikwata zvevanhu vakakurukurwa navo dzinomirira sei chimiro chenyika yeZimbabwe. Hatikwanise kufungidzira zvinosangana nemunhu mumwe toreva kuti ndiwo mamiriro ezvinhu kesekwese - chero zvazvo zvairatidza kuti vazhinji vakabvunzwa pane zvavakasangana nazvo zvakafanana - asi zvakasanganikwa nazvo neumwe neumwe zvakatipa ruzivo rwokuti vanhu vakawanda vanobatikana sei nechimiro uye nemashandiro ehurongwa hwedigital uhwu.

Zvitupa zvedigital

Mubasa irori, takatarisa kuti vanhu vanozviona sei zvebiometric voter registration, uyewo shanduko yekubva kuzvitupa zvekare kuenda kuzvitupa zveplastic zvakatakura ruzivo nemashoko ebiometric uye nemafungiro evanhu nezvedigital ID.

[1] Tarisa The Engine Room(2020). Kunzwisisa kurarama nezvinoitika ne chitupa che digital: Chinyorwa chenyika dzakawanda

Takatarisana nesarudzo dzezvematongerwo enyika mugore ra2018, hurumende yeZimbabwe yakatangisa biometric voter registration ichiedza kugadzirisa kufambiswa kwebasa rekusarudza vatungamiri, uye nekuderedza dambudziko revanhu vanovhotakanopfuura kamwechete kakatarwa uyewo nevamwe vanovhota asi mazita avo asiri mumagwaro evanovhota.[2]

Biometric system yacho yakange izere nematambudziko kubva kutanga kwayo, sezvo hurumende yakange yashandisa makambani ekunze kuti agoita basa irori. Yokutanga yakapiwa basa iri ikambani yekuChina inonzi Laxton Group inova yakapiwa basa rokugadzira anonzi ma BVR kits kuitira vanhu vagonyorwa musarudzo, zvinova izvo zvakashorwa nesangano rinopikisana nehurumende[3], pachizouya Zimbabwe Electoral Commission(ZEC) yakazopa basa rekugadzirisa zvemacomputer kune kambani inonzi IPSIDY Inc yekuAmerica, zvinova izvo zvakapikiswa neLaxton Group , vachiti izvi zvaizokonzeresa mhirizhonga muku nyoresa vanhu veZimbabwe vaizosarudza mutungamiri wenyika[4]. Mapepa nhau anoratidza kuti bhuku rinemazita evanhu vaizosarudza vatungamiri rakange riine mazita anokwana kuita 250 000 emanyepo kana kuti evanhu vasingawanike[5]. Pakaita mamwe matambudziko zvakare maringe neBVR. Vatungamiri vebato ririkutonga vakakwanisa kuudza vanhu kuti BVR iyi yaikwanisa kuratidza kuti munhu unenge wakasarudza ani[6] uye macomputer eZEC akange akanganiswa.[7]

Munguva iyoyo, bazi rehurumende rinowona nezve kusevenza nekuchengetedza raramo yevanhu rakange ratanga basa nepadiki rekuona kuti zvinoshanda here zvedigital ID system vachiishandisa pakutumira mari vachibatsirwa neveWorld Food Programme (WFP) neUnited Nations Children's Fund munharaunda ye Rushinga. Basa diki iri, rakabatsira hurumende kuti iwone kuti digital ID system kana yakabatanidzwa nezvinobatika yaizokwanisa kufamba sei. Takawudzwa kuti hurumende yakange isati yabvumidza kushandiswa kwebiometric pabasa diki iri, zvinova zvakaita kuti ruzivo rwakawanikwa rungoshande kunzwisisa digital ID chete kwete biometric.

Chokupedzsira, mugore ra 2018 hurumende yeZimbabwe yakabatana nekambani yekuChina inonzi Cloud Walk technology, kuti ikwanise kugadzirisa basa rekuziva munhu kubudikidza nechiso chake uye nedigital ID system ichibatanidza ruzivo pamusoro pezvemabhanga emari uyewo nekufamba kwevanhu. Chinangwa cheCouldWalk Technology chiri pachena: ndechekuwunganidza zviso zvevanhu veZimbabwe kuti basa rayo retechnology rifambire mberi vachishandisa ruzivo irworwu[8].

---

[2] Share, F. (2017, August 30). RG's office rolls out mobile registration nationwide. The Herald. https://www.herald.co.zw/rgs-office-rolls-out-mobile-reg%e2%80%a2-nationwide-programme-to-run-for-3-months-%e2%80%a2-metal-ids-to-be-phased-out/

[3] Dube, G. (2017, June 5). Chinese Company Wins $4 Million ZEC Biometric Voter Registration Tender. VOA Zimbabwe. https://www.voazimbabwe.com/a/zimbabwe-electoral-commission/3887026.html

[4] Share, F. (2018, January 16). ZEC certifies US firm's BVR tender. The Herald. https://www.herald.co.zw/zec-certifies-us-firms-bvr-tender/

[5] Share, F. (2018, January 16). ZEC certifies US firm's BVR tender. The Herald. https://www.herald.co.zw/zec-certifies-us-firms-bvr-tender/

[6] Majoni, T. (2017, October 23). BVR: The Zanu PF election cheat sheet. The Standard. https://www.thestandard.co.zw/2017/10/23/bvr-zanu-pf-election-cheat-sheet/

[7] Mhlanga, B. (2018, July 19). Security breach at Zec, database hacked. NewsDay Zimbabwe. https://www.newsday.co.zw/2018/07/security-breach-at-zec-database-hacked/

[8] Hawkins, A. (2018, July 24). Beijing's Big Brother Tech Needs African Faces. Foreign Policy.

Hurumende ye Zimbabwe yakazowona kukosha kwekuva nezivo yakadzama pamusoro pezvizvarwa zveZimbabwe kunyika yeChina ikaronga imwe tsoro, zvinova zvakazoita kuti imwe kambani yekuChina zvakare inonzi Hikvision itaure kuti yaigona kuita basa rimwechete iroro.[9] Vakange vapiwa basa rekuronga tsoro iyi pavakabvunzwa vakataura vachitii, " Taingovapa ruzivo rwese rwatakanga tiinarwo,"[10] zvichireva kuti chero zvizvarwa zvenyika yeZimbabwe zvikapa ruzivo rwazvo nezvekuti ndivanani, hurumende inozokwanisa kusavimbika nekutyora kodzero dzavo.

Parizvino, World Bank yakabuditsa mari yekuti hurumende yeZimbabwe ishandise digital ID kuitira kubvisa mazita evanhu vanoshandira hurumende vakanyorwa kuti varipo asi vasipo [ghost civil servants], uye nekuvandudza kushandiswa kwe digital ID. Mumwedzi waGunyana (September) mugore ra 2019, mushure memwedzi yakatiwandei kwapera tsvagurodzo iyi , bazi rePublic Service Commission rakabudisa mashoko ekuti vashandi vese vehurumende vachange vachisungirwa kuti mazita avo apinde muhurongwa hwe biometric system mukupera kwemwedzi waGunyana[11]. VePublic Service Commission vari mukati mekupedzisa kuongororora chokwadi chizere nezveurongwa uhwu mukutanga kwe gore ra 2020.[12]

Zvakawonekwa Mukurarama

Muhurukuro dzatakaita nezvikwata zvevanhu zvakasiyana mu Zimbabwe pakati pemwedzi inoti Kurume (March) na Chivabvu (April) mugore ra 2019 kwakabuditsa zvakawanda nezvevanhu vanoshandisa ma digital ID systems. Sezvo kusina zvakawanda zvakambonyorwa nezve vanhu vanoshandisa hurongwa uhwu, zvatakawana zvichabatsira mukuwedzera ruzivo rwezvinosangana nevanhu vanoshandisa hurongwa ihwohu. Zvakakosha kuti zvizivikamwe kuti vanhu vose vanogara mu Zimbabwe havana mawonera mamwe chete nezvehurongwa uhwu. Mawonero anogona kutosiyana nezvinobuditswa mumagwaro ehurumende. Tinotarisira kuti zvidzidzo izvi zvichakwanisa kubatsira pahurukuro nepfungwa dzenhorowondo dzekukura kwezve ma digital ID munyika.

Ruzivo Nekunzwisisa

Panguva yakanyorwa gwaro rino (mwedzi waMbudzi mugore ra2019), kwange kuine ruzivo rushoma rwezvedigital system kusanganisira muhurumunde. Mumwe mutauri akazoti; "…hatifanire kunge tichingowana ruzivo urrwu kubva pamasaisai amazuva ano chete… ruzivo urwu tinorushuwira mumapenhau eruzhinji munyika".

---

https://foreignpolicy.com/2018/07/24/beijings-big-brother-tech-needs-african-faces/

[9] Prasso, S. (2019, January 10). China's Digital Silk Road Is Looking More Like an Iron Curtain. BloombergQuint.https://www.bloombergquint.com/china/china-s-digital-silk-road-is-looking-more-like-an-iron-curtain

[10] Ibid

[11] Machivenyika, F. (2019, September 23). Biometrics to weed out ghost workers. The Herald. https://www.herald.co.zw/biometrics-to-weed-out-ghost-workers/

[12] Ibid

Ruzivo rwevanhu nezve BVR system rwakange rwusina kujeka nokuda kwematambudziko akasiyanasiyana zvinosanganisira kukwikwidzana nekusanzwisisana nezvematongerwe enyika, vanhu vachinetsana kuti achatungamirira basa iri ndiani. Vakuru vemusangano webato ririkutonga nemadzishe ematunhu akasiyana vainzi vainyora maserial number epabepa revoter registration evanhu vanokwana kuita zvikamu makumi matatu nechimwe kubva muzana [31%]yevaizosarudza vatungamiri venyika. [13]Matambudziko ose aiva nechekuita ne BVR akakonzeresa kuti vanhu vasaziva kuti zvaimbofamba sei.

Munechimwe chipoka chevanhu vakapinda mutsvagurudzo, vanhu vakabvumirana kuti pakange pasina kunyatsoitwa misangano yekuzivisa uye kubvunza mafungiro evanhu maererano nezveshanduko yekubva kuhurongwa hwekunyoresa hwakare kuenda kuhutsva hwebiometric. Vanhu vakaratidza kushushikana nekutadza kwakaita hurumende kudzidzisa vanhu vekure nemadhorobha pamusoro pekusiyana kweID itsva neyekare, vanhu vakaita sevagari vekumaruwa, varimi kana vanotengesa mumigwagwa mumadhorobha. Pane imwe hurukuro nechipoka chemadzimai, madzimai akareva kuti vakange vasati vadzidziswa betsero yezvitupa zvitsva. Vakadzi vemuZimbabwe, kunyanya vekumaruwa, havana ruzivo nezvechitupa chebiometric uye kuti chinokwanisa kuvabatsira sei. Chero pave nekaruzivo muvanhu vemumaruwa kuti kuneshanduko kubva kuzvitupa zvekare zvesimbi kuenda kuzitupa zvitsva zvebiometric, chikonzero cheshanduko iyi hachisati chanyatsotarwa zvakazara.

Umwe anoshanda mumasangano evanomirira kodzero dzevanhu akati hurumende inowanzoviga zvinhu zvimwe zvinogona kukonzeresa zhowezhowe vachiti ndezvekuchengetedzwa kwerunyararo munyika:

> Ngatiwongororei kushaikwa kweruzivo nezvetechnology inokwanisa kuratidza kuti ndiwe ani ichishandisa chiso chako, inova yakatengwa nehurumende yeZimbabwe kubva kukambani yekuChina inonzi Cloud Walk. Tirikuwona kuti hurumende ikaita zvainoita, haizikuzvisvitsa kudare reparamende uyewo kune vanobhadhara mitero. Tirikuwona kusafamba kwemashoko kubva kuhurumende iyo hurumende kana ichida kuviga ruzivo urwu inongoti zvakarerekera kunhau dzekuchengetedza runyararo munyika. Kana pakadaro hurumende inenge isingadi kutaura nezvazvo, saka zvinonetsa kuwana ruzivo irworwu.

Pamsoro pekuviga ruzivo, hurumende inogona kuva ichiita zvainoda nokuda kwekuti vanhu vemu Zimbabwe havanyanyi kuziva nezvetechnology dzemacomputer saka inobva yaita hurongwa hwezvitupa zvitsva pasina anobvunza kuti sei madaro. Kusaziva uku kunogona kukonzeresa matambudziko, zvinova zvinozovhiringa chero hurongwa hunenge hwabuditswa. Umwe anoshandamu civil society akataura kuti:

> Tinotarisira kuti dai tadzidzisa zvakanyanya nezvetechnology dzemacomputer...nekuti tarisai kuti vanhu varikutambura nekuchengetedza makadhi avo ekubhanga. Mugore rapera, takawona nyaya dzakawanda dzevanhu varikubirwa zvinenge zvakanyorwa pamakadhi avo emabhanga, chitsotsi pamakadhi iwaya uyewo paecocash. Saka izvi zvinoratidza kuti vanhu

[13] ZEC yakazoshora kuvhundutsirwa kwaiitwa vanhu vaizovhota. Tarisa The Zimbabwe Mail. (2018, January 31). Zvizere apa: http://www.thezimbabwemail.com/main/zec-condemns-voter-intimidation-polls-loom/

vakawanda munyika havana ruzivo rwakakwana nezvekuchengetedza zvinhu zvavo zvine technology mukati. Uye nechitupa chedigital vanhu havazive kuchishandisa nemazvo nekuti havachinzwisise. Tarisai kuti vanhu vangani vane nhare dzemazuva ano, asi vanongodzishandisa kuchaya runhare, kunyora tsamba kana paWhatsApp asi zvimwe zvinoshandiswa nhare idzodzi havazvizive.

Kusakurukura nekubvunza ruzhinji

Vanhu vakawanda vakakurukurwa navo vakataura kuti hurumende haina kutsvaga muwonero nemafungiro evanhu uyewo inoshandisa tsika yokuti zvese zvinenge zvataurwa nevarikumusoro kana kuti varikutonga ndizvo zvinotevedzwa navose varikuzasi.Vakareva zvakare kuti hapana kana mumwe chete zvake wehurumende akatsanangura chikonzero chokushandura kubva kuhurongwa hwekare kuenda kuhurongwa hunowunganidza ruzivo rwevanhu vemuZimbabwe hutsva uhwu [biometric]. Umwe wemabisimisi akaratidza kushushikana nekuresva kwehurumunde kusazivisawo vemabhizimusi nekushandurwa kwe zvinhu uku.

> Ndinokwanisa kutaura nezvevanhu varimumaruwa nemumadhorobha, uyewo vaya vanotengesa mumigwagwa. Vangori nemapepa iwaya kuti vangonzi vane chitupa. Hapana kana tsanangudzo yokuti sei tirikubva kuzvitupa zvekare kupinda kuzvitupa zvebiometric..saka ndinowona sekuti tinedambudziko panyaya yekutekeshera kweruzivo rwacho, uyewo pakunzwa pfungwa dzevanhu. Bumbiro remutemo wenyika rakajeka, kana muri kuita zvinhu zvine chekuita nevanhu venyika yeZimbabwe, vanofanira kutaurirwa kuti vagozvinzwisisa. Asi hazvisi kuitika seizvozvo sezvo hurumende yakangowunza hurongwa hwacho. Ingori tsika yehutungamiri yekuti zvinotaura nevarikumusoro ndizvo zvinoitwa kuzasi, zviinekumanikidza mukati.

Kumagumo azvo zvinoreva kuti kusabuda pachena kwehurumende yeZimbabwe maererano nezvedigital system yezvitupa kutoreva kuti vanhu vashoma vanoziva basa razvo uye havana ruzivo rwazvo.

Matambudziko ekunyoresa Nekutora Zvitupa

Dambudziko guru reZimbabwe nderechokuita nezvinodiwa pakunyoresa zvitupa. Vamwe vanoshanda mucivil society vakaratidza kushushikana nekuunzwa kwezvitupa zvedigital zvokuti “vazhinji vemuZimbabwe parizvino havazivikanwi kuti ndivanai, kureva kuti havana zvitupa. Boka rinomirira kodzero dzevanhu [Human Rights Commision] muZimbabwe rakareva mumwedzi wa June gore ra2019, tichangopedza ongororo iyi, kuti pachaitwa tsvagurudzo yekuti sei kusina zvitupa, zvakaita segwaro rekuzvarwa, chitupa chenyika, pasipoti, nezvinoratidza kuti urimugari wemuZimbabwe kune vaya vainzi vauyi, negwaro rekufa.[14]

[14] Nyamukondiwa, W. (2019, June 18). National documentation inquiry on cards. The Herald. https://www.herald.co.zw/national-documentation-inquiry-on-cards/

Neshanduko yekubva kuchitupa chesimbi kuenda kune cheplastic [biometric card], vanhu vakawanda vachirikushushikana nokuda kwezvakakanganiswa kunyorwa pamagwaro avainawo kusanganisira gwaro rekuzvarwa, kana kusavepo kwezvinoratidza kuti vanobva kumusha kupi uywo nezita ramambo wavo. Umwe munhu akatsanangura kutsvaga kwaaiita magwaro anodiwa:

> Kana chitupa chako chekuzvarwa chikarasika kuno kwaSeke, vanokuti uyende ku National Registry Office kuMakombe, kuHarare nokuti ruzivo rwavo haruna kuchengetedzwa mumacomputer. Ku Makombe, zvinoitwa zvacho zvakawandisa uye zvinonetesa , vanotanga vatsvaga zita rako mucomputer yavo. Unobva wanzi zvese izvi hatina kuno kuMakombe asi zvirikuMarondera. Unobva waphiwa runhare rwevashandi veko kuti ugochaya runhare uchishandisa mari yako. Ukachaya runhare womiswa panhare kusvika mari yako yemunhare yapera. Kana ukakumbira kushandisa runhare rwavo vanoda chiwoko muhomwe.

Kugadzirisa zvakakanganiswa kunyorwa pagwaro rekuzvarwa kunodhura, uye vamwe vanhu vakati vakange vasingakwanisi kubhadara kuti vawane idzva. Magumo acho ndeekurarama vasina magwaro akakwana. Vanhu vatakaita hurukuro navo vakatsanangura kubatwa kunoitwa vanhu kumahofisi emunyori mukuru wehurumende [Registrar General]. Umwe akati, “vanhu vakawanda havadi kuenda kumahofisi iwayo nokuti vavanemakore vachingofamba nechinangwa chekugadzirisa magwaro avo asi pasina chinobuda nokuda kwekushungurudzwa”. Dambudziko iri rinoratidza kuti panoda dzidziso kuvashandi veko uye kuve nenzira dzakanaka dzokusvitsva zvichemo.

Mitsetse yezvitupa mu Zimbabwe yakareba. Kazhinji kacho, vanhu vakawanda vanowuya kuzonyoresa mazita avo muzuva rimwe chete, zvekuti vashandi vehurumende vanokundikana kupedza kunyoresa vanhu vopedzisira vopa vanhu manhamba, vochitanga kunyoresa vanhu.

> Kana vanga vachitora vanhu gumi nevashanu pazuva iwe woita wechigumi neshanu neimwe, havachakubatsire muzuva iroro uyezve nhamba yaunenge wapiwa haishandi muzuva rinotevera. Zuva rinotevera unofanira kumukira kuti ugowana nhamba iripasi pegumi neshanu.

Mushure mekufamba nzendo dzakareba nekumirira mumitsetse, vanhu vanoenda kunonyoresa vanogona kungosvika vosangana nematambudziko emasaisai. Umwe wecivil society akati kushaikwa kwemasaisai anoshanda zvakanaka kunowedzera kureba kwekunyoresa kwacho. Pamusoro pazvo, vakadzi kana varume vanoita bonde nevamwe vakadzi kana varume vanosangana nematambudziko ekunyoresa, uye izvi hazvigadziriswe nehurongwa hutsva hwezvitupa zvedigital. Pane nyaya yakamboitika, yechikwata chegender and sexual rights chakatsanangura kuti vane umwe wavo akashungurudzwa kuhofisi yemunyori mukuru wehurumende nenhau yekubudisa chitupa chokuzvarwa chaireva kuti munhurume asi achiita kunge munhukadzi. Kuti munhu uyu azowana chitupa chake, akazobatsirwa nemagweta anomirira kodzero dzevanhu muZimbabwe [Zimbabwe Lawyers for Human Rights]. Rimwe sangano rinoshanda nengochani rakatiwudza kuti ngochani dzinowanza kubatwa huyangwa nevashandi vehurumende, vanotarisisiwa miviri kakawanda nezvitupa vachibvunzwa kuti murume here kana kuti mukadzi.

Izvi zvinoratidza kuti mufungiro evanhu asina kumira zvakanaka anokonzoresa matambudziko pahurongwa hwekupa zvitupa. Mukuwanda kwevanhu kunyoresa, kunyanya vaya vasina kumbobvira vanyoresa pazvitupa zvekare, panobva pabuda rusarura. Pasina dzidziso kuti vashandi vehurumende vakwanise kugamuchira kusiyana kwakaita vanhu, zvitupa zvedigital hazvizo batsiri vanhu vanetariro yekubatsirika nezvitupa izvi.

Kusabvumirana kwakakwana

Nyaya huru yakamuka muhurukuro nezvikwata yakange iri yokuti pakubvuma kunyoresa pachitupa chebiometric, zvinenge zvangofanana nekubvuma kuti hurumende igopa ruzivo rwakavanzika pamusoro pemunhu wose kuna chero ani zvake wainenge yasarudza kuti agare achiwongororwa. Umwe we civil society akareva kuti “kubvumirana kunofanira kuvapo panguva dzose" uye zvikwata zvizhinji zvakaramba zvichitaura nyaya yekuvimbika.

Vamwewo vakareva kuti vanechivimbo nehurumende pakuchengetedza ruzivo rwakavanzika urwu, kana zvichizobvunzwa chete nehofisi yehurumende, kwete munhuwo zvake anofamba achibvunza, asi vazhinji vakaratidza kusafara nenhau yokuti zvavo zvakavanzika zvingazotekeshera zvisina mvumo yavo. Vanopikisa hurumende vakareva kuti havana kusununguka nekuziva kuti zvavo zvakavanzika zvine hofisi yeMunyori mukuru muhurumende. Panguva yehurukuro yavo, vashandi vemapurazi vakareva kuti kunyengerera kwavanoita hurumende kuti vawane rubatsiro ndiko kunovasunda chero vasingade. : “ Kwete hatina kuvimba navo. Tinongovapa zvose zvavanoda kuziva pamusoro pedu uye tinosundwa nenzara.”

Kana paine sarudzo pakati penzara nekupa ruzivo rwezvakavanzika zvemunhu, hapangaite bvumiramo yakakwana. Nyaya dzebvumirano nekuvimbana dzinechekuita nezvizvarwa zvemuZimbabwe asi vanhu vanetariro yekuwana zvingavabatsira pachishandiswa chitupa chedigital ndivo vanozoshaya rubatsiro.

Kusachengetedzeka kwe ruzivo nezve vanhu nekutya kuwongororwa

Mumwedzi waGumiguru mugore ra2019, makurukota ehurumende yemutungamiri weZimbabwe Emmerson Mnangagwa vakawirirana kuumba mutemo unonzi Cyber Crime and Data Protection bill, ukabva watumirwa kuparamende kuti ukurukurwe nezvawo.[15] Nyika inechikonzero chokuva nemutemo unochengetedza ruzivo pamusoro pevanhu, mutemo wakaita seAcess to Information and Protection of Privacy Act chero usina basa netechnology avapo mazuvaano, vazhinji vanoti

[15] Mudzingwa, F. (2019, October 9). Cyber crime bill finally gets cabinet approval. Techzim. https://www.techzim.co.zw/2019/10/cyber-crime-bill-finally-gets-cabinet-approval/

mutemo uyu wakaipa.[16] Mutemo wacho unowunganidza imwe mitemo mitatu, imwe neimwe inenge iine simba kana ikabvumirwa neparamende. Chero mitemo yacho yakazobvumirwa tapedza ongororo yedu, gwaro rekutanga remitemo iyi rakange ratonyora kare kwemakore anokwana kuita matatu. Hurukuro dzedu nevanhu vakasiyana-siyana dzichiri neruremekedzo nokuti vanhu vemuZimbabwe vachiri kushanda vasina kuchengetedzerwa ruzivo pamusoro pezvakavanzika zvavo.
Vanhu vatakaita hurukuro navo vakange vaine zvichemo nezvekutekeshera kwezvakavanzika zvavo munyika yeZimbabwe chero pakange paine fungidziro yekuti izvi zvinogona kupiwa dzimwe nyika nenzira yokuti panenge pashandiswa makambani ekunze anogadzira zvitupa zvedigital. Vashandi vemumapurazi vakaratidza kushushikana nokuda kwekuwongororwa nemawuto pamwechete nemapurisa. Vanopikisa hurumende vakanetsekana nezvekushambadzwa kwezvavo zvakavanzika kumisangano inoita nezvematongerwo enyika. Vakadzi vanotengesa miviri yavo, pamwe nevemasangano engochani nevanhu vanorarama neutachiona hweHIV vaitya kuti zvakawandisa zvinozotekeshera pakati pehurumende, mapurisa, masangano akazvimirira [NGO] nemakereke.

Makereke, avekuwonekwa kuti anogona kunetsa panyaya idzi sezvo vatendi vachitaura zvose zvehutano hwavo kuvakuru vekereke kuti vawane rubatsiro rwakakwana. Amwe makereke akawonekwa sokuti anosarudza pakati pevanhu vasingarwari nevanorwara neHIV/AIDS. Muchidimbu, zvikwata zvizhinji zvatakakurukura nazvo zvakaratidza kushushikana nezvevanhu vanesimba munyika kuti vangaitei kana vakawana zvakavanzika nezvavo zvese zvashambadzwa. Umwe we civil society akapedza zvose izvi, achizvitsanangura nezve kodzera dzevanhu:

> Kuwunzwa kwetechnology itsva yemacomputers kwakanaka pakuyedza kuita kuti zvinhu zvive nyore, uye nekudzivirira chitsotsi, asi panezvinotinetsa panyaya yokuti panguva yokuti hurumende yaziva zvese nezvevanhu, zvinogona kushandiswa kudzvanyirira kodzera dzevanhu. Mamiriro akaita hupfumi hwenyika nemararamiro evanhu arikuwedzera kuwona. Vanhu vachapedzisira voita mhirizhonga, vachiratidzira kutyorwa kwekodzero dzavo, asi panguva yekuratidzira uku, uyewo nokuti panenge paine vanotora mifananidzo uyezve nekuti ruzivo pamusoro pevaratidziri rwurimumawoko ehurumende nevanochengetedza runyarara munyika, zvinobva zvawoma nekuti vanobva vakurumidza kuzivikanwa. Tinototanga kutsvagwa tisati tamboziva kuti tavekutsvagwa.

Takatarisa kuti masangano nevemabisimusi vanowana mari yakawanda kuburikidza neruzivo rwemararamiro anoita vanhu, mumwe wevaibvunzwa akataura kuti anosarudza kugoverana ruzivo urwu nehurumende pane kupa kune masangano akazvimirira. Kunyangwe zvake akataura kuti haana chivimbo nehurumende, akaratidza kuti anogutsikana kuti hurumende inemukana wakakura wekukwanisa kuchengetedza ruzivo, zvinova zvinogona kusakosheswa nevemakambani akazvimirira.

Vamwe vatakakurukura navo vakaratidza kushungurudzika nekugoverana kunoita ruzivo urwu pakati pemabazi ehurumende, vanoshanda nezvehutano nevamwe vemabisimusi vanoita nezvemari. Umwe wemu civil society akataura kuti kana kune avo vanoita zvekutererwa kwe motokari

[16] MISA Zimbabwe. (2018, February 3). Omnibus cyber bill muddles fundamental rights. https://zimbabwe.misa.org/2018/02/23/omnibus-cyber-bill-muddies-fundamental-rights/

vakangaita ruzivo nezvehutano hwevanhu zvakafanana nepfari, vanobva vawedzera mari yaanofanira kubhadara pakuterera motokari. Pamusoro pazvo, vazhinji vatakataura navo vakataura kuti hurumende inowana zvakawanda zve vanhu kubva kuma bhanga. Zvakataurwa izvi zvinoenderana nedzimwe nyika, uko kunoti vakazvimirira uye nevanoshanda nehurumende vanoshandisa ruzivo pamusoro pevanhu kunzvera zvinotadzisa kuti vanhu vawane kubatsirika munezvakasiyana siyana

Vanhu vemuZimbabwe vanotaridza kunyunyuta uye kushaya chivimbo nemawanirwo uye kushandiswa kunoita ruzivo rwakavanzika maringe nemararamiro emunhu nemunhu. Panguva yesarudzo dzezvematongerwo enyika dzegore ra2018 pakaita vanhu vaitumirwa mashoko panhare dzavo achiratidza kuti aitumirwa nebato raitungamira hurumende. Mashoko aya aikurudzira kuti vanhu vavhotere uye kusarudza mutungamiri vebato iri. Mashoko aya akange aine ruzivo rwakakwana pamusoro peavo vaimatumirwa, kusanganisa nezvese zvevaida kumirira mapato kukaunzuru neparamende munharaunda dzavaigara. Pamasaisai emazuvano vanhu vakapopota kuti vakange vasina kupa ruzivo urwu kubato raitonga vakashushikana kuti zvakange zvawanikwa sei nevanoita zvematongerwo enyika.

Mukukurukura kwatakaita, zvakabva zvajeka kuti zvinosangana nevanhu nezvekuwongororwa nenzira dze technology, zvakavanemawonero akasiyana nezvezvitupa zvedigital. Kusavimba kwavo nekubatwa kunoitwa ruzivo nezvavo nehurumemde kunoratidza kusati havavimbe nehurongwa uhwu. Umwe watakataura naye akati nhau yezvitupa zvedigital inogona iine chokuita nekutongwa kweZimbabwe nemawuto enyika, vamwe vaiwona zvezvitupa zvedigital zvichibatsira kuti vanhu vagare murunyararo, vamwe zvakare vakanetsekana nezvekuwongororwa. Umwe murume anotengesa muviri wake akareva kuti:

> Avo vanoita nezvekuchengetedza runyararo munyika vachange voziva mafambiro angu uye vanogona kunge vaine vanhu vavarikuda kusunga munharaunda. Ruzivo nezvangu rwunogona kushandiswa zvisizvo, chero nemapurisa.

Avo vanorarama nekutengesa miviri yavo, vanopikisa hurumende nevakadzi vanogara munzvimbo dzisati dzazivikanwa nehurumende vakashaya mufaro. Vakataura kuti vakange votya uye vachinzwa kuti kodzero dzavo dzirikudzvinyirirwa. Vazhinji vakaratidza kushungurudzika netechnology itsva idzi yavaiti inodzvanyirira kodzera dzavo, chero zvaireva hazvo kudzikira kwechitsotsi nehumbavha.

Masangano anomirira kodzero dzevanhu

Masangano anomirira kodzera dzevanhu emuZimbabwe anoshanda munzvimbo yakawoma, zvinova zvinokonzeresa kuti vasakwanisa kubata basa rakaita kunge rezvitupa zvedigital nemazvo. Zvinobva zvawedzera kuwona nekuda kwekuti nhau dzezvitupa zvedigital dzinowonekwa senyaya yekuchengetedza runyararo munyika. Mumwe anoshanda nemasangano aya akareva kuti:

> Sangano rinomirira kodzero dzevanhu rikasarudza kusevenza nenyaya dzezvitupa zvedigital rinenenge ravekupinda munhau dzekuchengetedza runyararo munyika, zvinova zvinokonzeresa kuti vatarisiswe nehurumende tichizowona vachidaidzwa kuzobvunzwa, kuvhundutsirwa nekuwongororwa nemapurisa.

Vatakataura navo vanosevenza mumasangano ekodzero dzevanhu vakareva kuti panodiwa kuti basa ravo riwedzerwe kuti vakwanise kuwongorora hurumende kuti isazoshandisa zvedigital system zvisirizvo. Vakareva kuti vanowona kuti vane basa rokudzidzisa vanhu nezvinokwanisa kunetsa kana kufamba zvakanaka nezvezvitupa zvedigital. Varikuda kumirira vanhu kuti pagadzirwe mitemo inochengetedza ruzivo rwakavanzika rwevanhu. Bato rinonzi MISA Zimbabwe ravanenguva richinetsa hurumende maringe nezvekushandiswa kwetechnology itsva kuti ikwanise kuwongorora vanhu.[17]

Kupendera neKurudziro

Zimbabwe inoratidza kuvemuenzaniso wezvirikuitika nezvichaitika panhau dzezvitupa zvedigital. Kushanda kwakaitwa nevekuChina kunoratidza kukosha kwakaita ruzivo pamusoro pevanhu veZimbabwe kuhurumende dzedzimwewo nyika dzekunze. Chero vamirirriri nenyanzvi vachireva nezverusarura ganda runoita technology itsva zvakaita seartificial intelligence, heuno mufananidzo wokuti pakawedzerwa fundo zvinogona kukonzeresa matambudziko nokuda kwekudzvanyirirwa kwekodzera dzevanhu.

Matambudziko ezvitupa zvedigital nemamwe matechnologies akanyanya kuvanhu veZimbabwe, apa ivo vagara kodzero dzavo neraramo zvinogara zvichiwongororwa nekuvhiringidzwa sengochani kana vakadzi vanotengesa miviri yavo. Chero chinangwa chikuru chezvitupa zvedigital chiri chekubatsira vanhu vanotambura kuwana zvitupa, hurongwa uhwu hunoratidza kuti hunogona kutotadzisa vanhu kuwana zvitupa.

Pamusoro pazvose, kutongwa kwenyika nemawuto nekuderera kwemikana yekuti masangano anomirira kodzero dzevanhu ashande, kunoreva kuti kuvimbika kwehurumende kwakadzikira zvakanyanya, uye zvinotaurwa zvokuti chitupa chedigital chimwe chezvinhu zvinoshanda pakuchengetedzwa kwerunyararo munyika zvinoita kuti masangano aya atadze kupindira kubatsiridza nyaya iyi. Chero zvakawomera civil society parizvino, zvakakosha kuti zvikwata izvi nevamwe vanoita zvekodzera dzevanhu vanogona kuwongororwa nechitupa chedigital neamwe neimwetechnology. Kana hurongwa uhwu huchizoshandiswa nehurumende kudzvanyirira kodzera dzakaita sekusununguka kuwungana kana kusunguka kutaura, simba recivil society rokushandura zvinhu rinoderedzeka zvakanyanya.

Kuti chitupa chedigital chienderere mberi, vanhu vemu Zimbabwe vanofanira kuwana zvakanaka kubva kuhurongwa hunotungamidza zvido zvevanhu nekukoshesa kusiyana-siyana kwevanhu vagara vachidzvanyirirwa. Pane kuti pashandiswe mutemo usinakujeka, panofanira kushandiswa kuchengetedzwa kweruzivo maringe nevanhu zvinosimudzira kodzero dzevanhu. Zvinoitawo kuti

[17] Maunganidze, G. (2018, December 4). Letter to Speaker of National Assembly: Increase in collection of personal information in the absence of adequate data privacy legislation. MISA Zimbabwe. https://zimbabwe.misa.org/2018/12/04/letter-to-speaker-of-national-assembly-increase-in-collection-of-personal-information-in-the-absence-of-adequate-data-privacy-legislation/

vanhu vaite chivimbo nehurongwa uhwu uyewo nehurumende. Chokupedzisira, zvinoda kutanga kukurukura nevanhu uyewo kuvadzidzisa zvinova zvinowedzera chivimbo nekutiwo vanhu vanobatsirika zvakanyanya mukushandisa chitupa chedigital.